



Pou Piblikasyon Imedya: 22/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO MIKWOGRID KI ONIVO LOKAL POU
ALIMANTE EMPIRE STATE PLAZA A**

***Yo Atann Nouvo Entalasyon pou Pwodwi Enèji sa a pral Fè Plaza Ekonomize plis
pase 2.7 milyon Dola nan Depans Anyèl pou Enèji***

***Sous Enèji Endepandan de Rezo Santral la, ki Rezistan sa a pral Pèmèt yo Itilize
Plaza a kòm yon Refij Dijans pou Rezidan Albany yo***

***Li Sipòte Plan Refòm Vizyon Enèji Gouvènè a lè li Retire plis pase 25,600 Tòn
Degajman gaz nan Atmosfè a chak ane***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse plan yo gen pou konstwi yon nouvo rezo elektrik piti modèn depwout onivo lokal ki pral konekte ak rezo elektrik atravè tout eta a, epi tout ki pral ka fonksyone nan yon fason endepandan, pou alimante plas Gouvènè Nelson A. Rockefeller Empire State Plaza a nan Albany. Santral elektrik ak mikwogrid k ap travay ansanm pou pwodwi enèji efikas sa a pral alimante 90 pousan nan enèji pou konplèks 40 ekta ki nan sant vil Albany an epi yo atann li pral fè Plaza ekonomize plis pase 2.7 milyon dola nan depans anyèl pou enèji. Pwojè a pral retire tou plis pase 25,600 tòn gaz a efè sèr nan atmosfè a chak ane – sa ki ekivo retire plis pase 4,900 machin nan lari a – k ap sipòte objektif New York genyen pou l redwi degajman gaz la a 40 pousan demwens avan 2030 soti nan nivo yo te ye pandan ane 1990 yo.

“New York ap travay nan yon fason agresif pou redwi degajman gaz a efè sèr yo ak redwi enprent kabòn eta a, epi avèk nouvo mikwogrid sa a yo ajoute la, Empire State Plaza pral sipòte efò n ap kontinye fè pou nou konbat efè chanjman klimatik yo”,
Gouvènè Cuomo te di. “Lè nou itilize santral tèmik a vapè ki vid nan Albany an, pwojè sa a pral ranfòse efò nou ap fè pou nou redwi pri enèji ak solidifye enstalasyon vital nou yo pou yo ka reziste a nenpòt sa Manman Lanati lage sou chemen nou.”

Nouvo mikwogrid la pral yon teknoloji modèn pwòp epi l ap reyitilize yon ansyen santral tèmik a vapè nan sant vil la epi li pral lye ak santral rezo elektrik global eta a. Li pral gen kapasite pou l fonksyone endepandan de rezo santral la nan ka dijans oswa lè gen pàn kouran. Mikwogrid la pral founi enèji fyab, chofaj ak klimatizasyon pou fonskyonman kontinyèl plaza tout antye kòm yo zile k ap jenere enèji ki ka mentni tèt li pou kont li, sa k ap pèmèt fonksyonman ak sèvis eta yo kontinye evolye pandan yon ijans.

Enstalasyon k ap pwodwi enèji sa a pral sitiye nan Sheridan Avenue nan yo santral tèmik a vapè dòman ki te konn rekipere dechè yo te dekomisyone an 1994 epi ki konekte ak santral tèmik a vapè k ap fonksyone aktyèlman an. Sistèm modèn sa a pral pèmèt yo pwodwi enèji sou lèye soti nan de nouvo tibojeneratè 8 megawat k ap boule gaz natirèl pwòp la yo ki pral genyen tou kapasite pou alimantasyon doub. Kòm pwodwi derive elektrisite ki jenere a, tibin gaz natirèl yo pral jenere vapè pou sèvi bezwen chofaj ak klimatizasyon tout plaza nèt.

Yo videyo k ap montre avantaj mikwogrid la yo disponib [isit la](#), ansanm ak [foto](#) enstalasyon yo pral transfòme a nan sant vil la.

Ekipman nan nouvo enstalasyon an pral gen kapasite pou sèvi kòm sous enèji elektrik andeyò santral rezo elektrik la ki pral pèmèt mikwogrid Plaza a agrandi pou l vin yon sistèm kominotè ki pi laj pou sèvi sant vil Albany an nan kad konpetisyon Pri New York Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA). Yo te fè yon etid sou fezabilite l an Jiyè 2016 nan kad Konpetisyon NY Prize NYSERDA a epi yo te akòde lòt finansman adisyonèl resaman pou fè yon konsepsyon enjeniri ak plan biznis pou agrandisman pwojè a alavni.

Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) Eta New York la ak Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ap fè patenarya pou yo konspeyone ak konstwi nouvo sitèm 16 megawat ki melanje chalè ak elektrisite a ki pral sèvi kòm yon mikwogrid pou alimante tout bilding ki nan Plaza yo, ki gen ladan Corning Tower a, bilding ajans yo, Egg la, Mize Eta New York la (New York State Museum), Bilding Biwo Lejislatif la (Legislative Office Building) ak Bilding Jistis la (Justice Building), ak lòt yo. NYPA pral sipèvizè pwosesis konsepsyon ak konstriksyon an, yo atann k ap kòmanse nan fen ane 2017 la epi l ap fini avan fen ane 2019 la.

OGS pral finanse pwojè a epi li pral ekonomize 25 milyon dola paske l ap evite depans pou ranplasman sistèm enèji ijans ansyen ki la aktyèlman an yo. Y ap resevwa 2.5 milyon dola nan finansman atravè NYSERDA ki pral sipòte pwojè a. NYPA te pibliye Demann pou Pwopozisyon (Request for Proposals, RFP) pou pwojè a epi aktyèlman devlopè prekalifye yo nan pwosesis revizyon yo. Repons a RFP yo pral etabli pri pwojè a. Yo dwe soumèt pwopozisyon yo bay NYPA 13 Jiyè epi yo prevwa anonse prim yo apati otòn k ap vini la a. Pwojè a pral sijè a yon pwosesis Evalyasyon Kalite Anviwonmantal Eta a (State Environmental Quality Review) tou.

Nouvo mikwogrid la se dènye nan yon seri amenajman pou ekonomi enèji ak efikasite enèji de antite eta sa yo te fè ansanm nan Plaza pandan ane ki sot pase la yo. Modènizasyon ki planifye a la se yon egzant ankò ki montre plan Refòm Vizyon Enèji (Reforming the Energy Vision, REV) Gouvènè a genyen pou l konstwi yon sistèm enèji, ki pwòp, ki rezistan epi bon mache pou tout Nouyokè atravè tout eta a yo.

Prezidan Enèji ak Finans Eta New York la, Richard Kauffman te di, “Mikwogrid yo se eleman enpòtan nan fason nou pral modènize enfrastrikti enèji nou an. Lè nou

modènize sistèm enèji Empire State Plaza avèk enstalasyon mikwogrid la a nan kad plan enèji pwòp Gouvènè Cuomo a ki lidè nan peyi a, nou ap amelyore efikasite enèji ak fyabilite elektrisite nan pyès mètrès plas rasanbleman piblik sa a nan sant vil Albany an. Anmenm tan an, nou ap asire plis Nouyòkè gen elektrisite a baz enèji rezistan, fyab, efikas jodi a ak alavni.”

Prezidan ak PDG NYPA a Gil C. Quiniones te di, “Biwo Sèvis Jeneral la ak NYPA t ap fè patenarya depi byen lontan pou amelyore efikasite enèji nan bilding eta yo epi dènye pwojè sa a nan Empire State Plaza se somè efò devwe sa yo. Atravè pwojè tankou sila sa, nou ap investi nan enfrastrikti ki nan vil kapital nou an epi anmenm tan n ap amelyore efikasite enèji, redwi pri enèji, epi redwi degajman gaz a efè sèr yo. Pwojè sa a se yon bèl egzanp ki montre plan Refòm Vizyon Enèji Gouvènè Cuomo a an aksyon. Anba lidèchip Gouvènè, nou ap reyalize anpil pwojè entèlijan an tankou sila sa k ap rann pwodiksyon enèji nou an pi fyab ak pi efikas.”

Komisè OGS la, RoAnn Destito te di, “Rediksyon enprent enèji nou an te toujou yon priyorite pou OGS depi byen lontan, epi depi 1990 nou te redwi konsonmasyon enèji global nou a 41.6 pousan demwens ki gen ladan pwojè ki nan kad pwogram BuildSmartNY Gouvènè Cuomo a yo. Pwojè ki ankou aktyèlman yo ki gen ladan pwodiksyon enèji konbine ak mikwogrid la pral pèmèt OGS depase sib 20 pousan rediksyon enèji Gouvènè Cuomo a avan 2020. Nou ekstrèmman kontan pou nou angaje nan pwojè mikwogrid sa a ak patnè nou yo nan NYPA ak NYSERDA. Lè pwojè a fini nèt, li pral founi elektrisite vital lè gen ijans epi ede redwi kantite enèji nou itilize yo plis ankò.”

Prezidan ak PDG NYSERDA, John B. Rhodes, te di, “Mikwogrid Empire State Plaza pral founi enèji ki enpòtan anpil nan lè nou plis gen bezwen yo pandan evènman move tan ekstrèm yo epi pèmèt kominote lokal yo gen yon kote pou yo pran refij. Pwojè sa a ka sèvi kòm yon modèl enèji pwòp inovatè lèt kominote yo ka repwodwi atravè tout Eta a. Gouvènè Cuomo te mete l kòm yon priyorite pou l modènize enfrastrikti enèji nou an lè li asire fyabilite ak rezistans nan konstriksyon yon sistèm enèji ki pi pwòp ki ka sèvi kominote atravè tout Eta yo.”

Senatè Neil Breslin te di, “Mwen felisite efò patenarya sa a ap fè vanse yo pou redwi degajman kabòn yo. Se yon bon jou pou Eta New York lè nou ka idantifye epi reyalize amelyorasyon enèji efikas, ki pa koute chè, epi ki an favè pwoteksyon anviwonman an.”

Manm Asanble Patricia Fahy te di, “Nouvo mikwogrid Empire State Plaza a bay siyal yon gran pa k ap fèt anvè plis efò pou enèji efikas pou New York ak Rejyon Kapital la. Anplis de anpil gwo avantaj anviwonmantal nouvo mikwogrid la yo, kapasite l genyen pou l kontinye fonksyone nan ka kote gen yon pi gwo pàn elektrisite a pral pwoteje aksè a sèvis eta yo nan sitiyasyon ijans yo pou anpil Nouyòkè. Mwen aplodi NYPA, OGS, ak Gouvènè Cuomo pou angajman yo pran anvè rediksyon degajman gaz yo ak pou yo fini etap enpòtan pwojè sa a.”

Egzekitif Konte Albany an, Daniel P. McCoy te di, “Mwen felisite Gouvènè Andrew Cuomo, OGS ak NYPA pou kolaborasyon yo nan pwòje inovatè sa a ki pral entwodwi nouvo teknoloji pandan l ap fè ekonomi nan depans pou pwodwi enèji nan Empire State Plaza. Si nou vle redwi degajman kabòn epi redwi degajman gaz a efè sèr yo, nou dwe akeyi inisyativ sa yo ak de bra louvri.”

Pwòje sa a ajoute sou anpil gwo pwogrè OGS te deja fè nan rediksyon global enprent enèji nou an atravè inisyativ enèji efikas BuildSmartNY Gouvènè la pou bilding piblik yo. Ajans lan ap fè pwogrè tou pou satisfè Dekrè Egzekitif 88 Gouvènè a, ki mande pou gen 20 pousan rediksyon nan konsomasyon enèji tout ajans eta yo avan 2020. Jiska dat jodi a, OGS te travay ak NYPA pou reyalize amelyorasyon efikasite enèji nan Bilding Biwo Eta Ten Eyck la (Ten Eyck State Office Building), Kanpis Bilding Biwo Eta W. Averell Harriman lan (W. Averell Harriman State Office Building Campus), Bilding Biwo Eta Suffolk la (Suffolk State Office Building), Palè Egzekitif la (Executive Mansion), Bilding Biwo Eta Senatè Hughes la (Senator Hughes State Office Building) nan Syracuse, ak Bilding Biwo Eta Eleanor Roosevelt la (Eleanor Roosevelt State Office Building) nan Poughkeepsie.

Konsènan Refòm Vizyon Enèji a

Refòm Vizyon Enèji a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo lè li favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, kòm sipò an favè “Estanda Enèji Pwòp” yo te adopte resaman yo, epi jenere 50% nan kantite elektrisite leta bezwen apati enèji renouvlab apati lane 2030. Deja, REV te pèmèt 800 pousan kwasans pou tout mache enèji solè nan tout eta a, ki te pèmèt 105,000 fanmi ki pa touche anpil lajan yo pou yo bese definitivman pri fakti elektrisite yo gras a enèji efikas, epi kreye dè milye pòs travay nan manifakti, enjenyè, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire Eta New York ap redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan apati lane 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou fè rediksyon degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan apati lane 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak investisman 5 milya dola Gouvènè an nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon, tanpri vizite sitwèb www.ny.gov/REV4NY epi swiv nou nan @Rev4NY.

###